*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№74 (26047)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 26 апрель — хуымгæнæны мæйы 26 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ИНТЕРВЬЮ
*Æрыгон фæлтæры бахъахъхъæнынæн*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 НОМАРÆН
*Цыбыр, фæлæ ирд цард*

Хæрзиуæг

## Абайты хъайтарæн – орден



**Ирыстоныл февралы айхъуыст – Уæрæсейы Президенты Указмæ гæсгæ 42-мотоæхсæг дивизийы 70-æм полчъы командиры хæдивæг, не 'мзæххон АБАЙТЫ Юрийæн лæвæрд æрцыд Уæрæсейы Хъæбатыры ном.**

Ныр та РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** хъайтары схорзæхджын кодта орден «Ирыстоны намыс»-æй.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, Ирыстоны цæрджытæ сæрыстыр кæй сты Юрийы хъазуатон архайдæй тохы быдыры.

Абайты Юри дæр республикæйы Сæргълæууæгæн арфæ ракодта, сæрмагонд æфсæддон операцийы цæгатирыстойнаг архайджытæн иудадзыг кæй æххуыс кæны, уый тыххæй, ахæм æххуыс та хæстонты тынг разæнгард кæны тохы быдыры.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Фæлварæн проект

## Энергетикæ æмæ цæрæнуæтты хæдзарады фидар рæзт

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеобастдзинады фæрцы архайдта энергетикæ æмæ цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады куыстуæтты фидар экономикон рæзты программæимæ баст æмбырды. Амыдта йæ бæстæйы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ.**

Хъуыстгонд куыд у, афтæмæй Цæгат Ирыстон ссис фæлварæн проекты архайæг. Царды йæ раудзыныл куыст цæуы Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадимæ. Цæгат Ирыстонæй æмбырды архайдтой цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**, Паддзахадон регистраци, кадастр æмæ картографийы регионалон службæйы разамонæг **Токаты Хъазыбег**, Донæфсисады хæдзарады, Информацион бахыгъды иумæйаг центры минæвæрттæ æмæ æндæр бæрнон адæймæгтæ.

Цæмæй фæлварæн проекты архайджытæ æнæкъуылымпытæй кусой, уый тыххæй сын хъуамæ фæзыной иумæйаг операторты æмæ информацион бахыгъды центртæ. Нысантæ цæмæй бантысой, уый тыххæй та спайда кæндзысты сæрмагонд программæйæ. Иумæйаг операторты фæзты коммуналон фæрæзтæ автоматон уагæй нымад цæудзысты. Ныр уал фидаргонд цæуы информацион бындур, уый руаджы фæзындзæн фиддонты иумæйаг документ.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы дарддæр æххæстгонд цæуы энергетикæ æмæ цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады фидар экономикон рæзты программæ. «Ныртæккæ уал доны хæдзарад æмæ хъармдæттыны къабæзты скодтам иугонд оператортæ. Йæ куыст кæны информацион бахыгъды иугонд центр. Республикæйы коммуналон хæдзарады исбон æрбаиу кæныныл архайæм, экономикон æгъдауæй нымад аргъ сфидар кодтам донæн. Ацы фæлварæн проект махæн ахсджиаг у», – загъта Дзанайты Барис.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Уæлахизы бонмæ

## Гæздæнты авд æфсымæры цыртдзæвæн



**Дзуарыхъæуккаг Гæздæнты авд æфсымæры фесæфтысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Сæ кадæн хъæугæрон цы цыртдзæвæн фæзынд, уый йæ сæвæрдæй нырмæ фыццаг хатт бындуронæй сцалцæг кодтой.**

Фронтмæ Гæздæнты авд æфсымæры ацыдысты сæ райгуырæн Дзуарыхъæуæй, знæгты ныхмæ тох кæнгæйæ, фæмард сты хæсты алы азты. Сæ номыл хъæуы фæзынд уынг, уымæй уæлдай, сарæзтой обелиск дæр – авд хърихъуппы сæхиуыл арвмæ схæцыдысты. Цыртдзæвæны цур лæууы хъыггæнæг сылгоймаг, уый у Гæздæнты Тасо, авд æфсымæры мад.

Дзуарыхъæуы разамонæг **Кцойты Олег** куыд зæгъы, афтæмæй ацы рацарæзты проектыл архайдтой фыццаг хатт, куыстытæ ахицæн сты Уæлахизы 79 азы бæрогбонмæ. «Цыртдзæвæн хъæуккæгтæн æмæ уазджытæн æвдисы авд æфсымæры æмæ иннæ хæстонты хъæбатырдзинад. Ардæм æрбацæуынц æппæт бæстæйы цæрджытæ дæр», – радзырдта хъæуы хицау.

Цыртдзæвæнæн сног кодтой йæ уæлцъар, йæ фæзуатыл фæзынд мемориал. Сæвæрдтой дзы Гæздæнты авд æфсымæры къамтæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Дзуарыхъæуæй чи архайдта, уыдоны хуызистытæ. Фæзынд дзы бандæттæ, рухс, хæдтулгæтæ æрæвæрæн бынæттæ.

**Нæ уацхæссæг**

Акци

## Хæстонты нæмттæ – æнусон

**Абон изæры 18 сахатмæ у акци «Посмотри на их лица»-йы 'мгъуыд. Фæстаг бæрæггæнæнтæм гæсгæ дзы архайы мин æмæ 'рдæгмæ 'ввахс адæймаджы. Фондз минæй фылдæр хиуæтты хуызистытæ равæрыны фæдыл курдиæттæ балæвæрдтой. Акцийы кæронмæ сыл зынгæ бафтдзæн.**

Акцийы архайын кæй фæнды, уыдон бирæ кæй сты, уый хынцгæйæ, курдиæттæ уæлæмхасæн исæн бынæттæ байгом кодтой горæты администраци æмæ Паддзахадон лæггæдты бирæкъабазджын центры дæлхайæдты. Акцийы æххуысгæнджытæ – горæты администрацийы минæвæрттæ, волонтертæ, рекламон кусджытæ.

Дзæуджыхъæуы администрацийы управленийы кусæг **Тыбылты Ланæ** æмæ «Уæрæсейаг фæсивæды цæдис»-ы республикон хайады минæвар **Челдыты Лианæйы** баййæфтам, цы хæс сын бабар кодтой, уый æххæстгæнгæйæ: бæстон бæлвырд кодтой æрбацæуæджыты курдиæттæ, ветеранты хуызистытæ. Йæ курдиат бадæттæгмæ æнæмæнгæй хъуамæ уа паспорт, зона ветераны мыггаг, ном, фыды ном æмæ царды азтæ, стæй бавдиса йæ къам.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм, курдиæттæ бадæттыны 'мгъуыд кæй у абон, изæры 18 сахатмæ. Акци цæуы Дзæуджыхъæуы, Ватутины уынг, 17, Штыбы фæз, 2, Доваторы проспект, 8, Цоколайыфырты 5 æмæ Мичурины уынджы, 67 хæдзæртты. Табуафси, ма байрæджы кæнут!

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**



Преми

## Курдиæттæ исынц

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы цур литературæ æмæ аивады къабазы Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы къамис 2024 азы преми радтыны фæдыл курдиæттæ (уацмыстæ) исын райдыдта.**

Преми ратдзысты Хетæджы-фырты райгуырæн бон – ацы азы 15 октябры.

2018 азы 28 майы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы уагъд 156-æм Указæй кæй сфидар кодтой, паддзахадон премийы тыххæй «Литературæ æмæ аивады къабазы Хетæгкаты Къостайы номыл РЦИ-Аланийы паддзахадон премийы тыххæй» уыцы уагæвæрдмæ гæсгæ, Ирыстоны аивадон культурæмæ стыр æвæрæн чи бахаста æмæ æхсæнад райгонд кæмæй у, æрныхас кæнынмæ исынц ахæм авторон уацмыстæ (хицæн авторты æмæ авторон коллективты уацмыстæ; ныхас кæуыл цæуы, уацмыстæ уыцы дыууæ азы – æндæразы æмæ фароны, ацы азы 1 январы онг – дæргъы мыхуыргонд, æххæстгонд, æвдыст æмæ арæзт æрцыдысты, зæгъгæ, ахæм æууæлимæ).

Паддзахадон преми радтыны фæдыл уацмыстæ бавдисынц Цæгат Ирыстоны æххæстгæнæг хицаудзинад æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, республикæйы сфæлдыстадон цæдистæ, æхсæнадон иугæндтæ, наукон æмæ сфæлдыстадон организацитæ, газеттæ æмæ журналты редакцитæ, стæй уæлдæр ахуыргæнæндæттæ.

Преми райсынмæ бахъавæг адæймæгты гæххæттытæ æмæ æрмæджытæ ацы азы 1 апрелæй 31 майы æмгъуыдмæ хъуамæ æрвыст æрцæуой къамисмæ ахæм адрисмæ гæсгæ:

Дзæуджыхъæу, Сæрибары фæз, 1, кусæнуат № 301, 14.00 сахатæй 17.00 сахаты онг (къуырисæрæй майрæмбонмæ), телефонтæ:

**8(8672) 53-08-22, 8(8672) 53-39-06.**

## Дзырды фарн

*Уазал дон*
*хорз у*
*æххормаг*
*ахсæнæн.*

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **26 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **26-28 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,54

Хурыскаст — 05,02
Хурныгуылд — 18,56

Валютæйы аргъ

Доллар — 93,19
Евро — 99,19

12 +

РÆСТДЗИНАД № 74 (26047) 2024 АЗЫ 26 АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 26 БОН

**Уæлахизмæ цæугæйæ**

# Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 1418 боны

**1942 азы, ацы бон, 26 апрелы – хæсты 309-æм бон:**

Запорожьейы арæзт æрцыд патриотон сусæг къорд, йæ рæнхъытæм бацыдысты завод «Запорожсталь»-ы кусджытæ. Къорды сæргъы лæууыд Н.Гончаров. Патриоттæ хæлиу кодтой листовкæтæ, арæзтой алыхуызон диверситæ, хæлдтой оккупантты мадзæлттæ завод скусыны тыххæй.

Таджикистаны кусын райдыдта цементы завод, йæ фыццаг продукци рауагъта тынуафæн комбинат.

Мæскуыйы уыд литоваг адæмы минæвæртты митинг. Уыдон сидтысты се 'мбæстæгтæм, цæмæй æрлæууой оккупантты ныхмæ тохы фарс.

**1943 азы, ацы бон, 26 апрелы – хæсты 674-æм бон:**

Узбекты ССР-ы байгом адæмон змæлд республикæ электрификаци скæныны фæдыл.

Фидаргонд æрцыд Украинæйы партизанты къорды архайды пълан уалдзæг æмæ сæрды архайдæн.

Баренцы денджызы советон авиаци фæдæлдон кодта знаджы егъау транспорт, стæй сыфцæй ласæн нау.



**1944 азы, ацы бон, 26 апрелы – хæсты 1040-æм бон:**

4-æм Украинаг фронты æфсæдтæ æнæбасæтгæ тохты бацыдысты Севастополы алфамбылай. Знæгтæ фидар ныхмæлæуд æвдисгæйæ, архайдтой се 'фсады арвитыныл.

Советон хицауад æрдомдта Болгарийæ, цæмæй сног кæной советон консулад Варнæйы æмæ байгом кæной консуладтæ Бургас æмæ Рущукы. Фидаргонд æрцыд Указ гвардийы дæлбулкъон Иван Бойкойæн Советон Цæдисы хъæбатыры дыккаг майдан «Сыгъзæрин Стъалы» раттыны тыххæй.

**1945 азы, ацы бон, 26 апрелы – хæсты 1405-æм бон:**

Советон æфсад бавнæлдтой знаджы берлинаг къордтæ ныддихтæ кæнынмæ.

1-аг Белоруссиаг æмæ 1-аг Украинаг фронттæ дарддæр хæцыдысты Берлины æмæ бацахстой ноджыдæр ма цалдæр районы.

2-аг Украинаг фронты æфсæдтæ Чехословакийы суæгъд кодтой горæт Брно.

4-æм Украинаг фронты 38-æм æфсад Моравско-Островскаг ныббырсты операцийы рæстæг бабырста Жоры ныгуылæн фарсмæ, боны кæронмæ бахызт 6 километры æмæ ахызт хæххон æфцæджы сæрты цæугæдон Онавайы хуссар фарсмæ.

**Æрмæг бацæттæ кодта КАСАТЫ Батрадз**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

# Номарæн аив кæнынц



**Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав йæ телеграм-каналы куыд фыссы, афтæмæй Цытджын Уæлахизы 79 азы агъоммæ специалисттæ Намысы номарæны æххæст кæнынц цалцæггæнæн куыстытæ.**

– Сырхгвардион уынгыл цæуæг сæйраг бацæуæн тæлм, стæй бацæуæн æрдынæджы раз фæз нывыл кæнæм. Къостайы проспектæй номарæн комплексы арæны онг æххæстгонд цæуынц базæрондуæвæг къæйтæ ногтæй баивыны фæдыл куыстытæ. Цалцæггæнинаг хайы дæргъ у æстай метры. Намысы номарæнмæ 'ввахс фæзындзысты ног рухсдæттæг цырæгътæ. Фæндагыл къæйтæ æвæрыны куыстимæ уыцы-иу рæстæг æххæстгонд цæуынц цырæгъты цæджындзтæ фидар кæныны фæдыл куыстытæ дæр. Цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд цæуынц муниципалон программæ «Аивкæнынад æмæ цъæхфæлындад»-мæ гæсгæ. Уымæй уæлдай, сыджыткъæс дæр цалцæг кæнæм, йæ конструкцитæ йын фидар кæнæм, базæрондуæвæг рагъхъæдтæ ногтæй ивæм, – загъта Милдзыхы-фырт.

Хицауы бынатахсæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, мартъийы кæрон бетъырбухаг рацараздджытæ Намысы номарæны фæзуатыл æрбынæттонуæвæг цыртдзæвæнты уавæр раиртæстой æмæ ныртæккæ Дзæуджыхъæуы администраци специалистты официалон хатдзæгмæ æнхъæлмæ кæсы, фæстæдæр та Цытджын Уæлахизы 80 азы юбилейы агъоммæ объектты рацарæзты егъау пълан цæттæ кæнын райдайдзысты.

**("ОсНова.News")**

**Сфæлдыстадон тæгтæ**

# Ацы хæхты, ацы зæххыл мах ахъаздзыстæм!..

**Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры мæскуыйаг театр «Эрмитаж» равдыста Гæздæнты Гайтойы роман «Призрак Александра Вольфа»-мæ гæсгæ æвæрд спектакль «Слепые кони Фортуны». Пьесæйы автор æмæ 'вæрæг – театры аивадон разамонæг Михаил ЛЕВИТИН. Александр Вольфы ролы ахъазыд йæ ахуыргæнинаг, Ирон театры аивадон разамонæг УАЛЫТЫ Гиви. Спектаклы агъоммæ уазджытæ фембæлдысты журналисттимæ.**

тæй кæсын райдыдтон. Гайто мæ базмæлын кодта, уæдæ цас тухитæ бавзæрста!

Йæ руаджы ног хуызы райдыдтон уынын Париж, æз кæй зыдтон, уыцы горæт нæу йæ уацмысты. Гæздæны-фырты литературæйы зæххыл куы 'рлæууай, уæд дзы æппæт дæр æцæгдзинад свæййы, – йæ ныхас дарддæр хæццæ кодта Михаил Левитин.

Æрмæст иу бон, иу спектакль бантыст равдисын мæскуыйаг курдиатджын театрæн. Фæлæ Ирыстоны театрдзаутæн уый дæр фаг уыд, æцæг аивады уылæнты ленк кæныны æнкъарæн бавзарынæн. Театры директор **Анастасия Могинова** зæрдæ бавæрдта егъау гастрольты ссæуынæй, цæмæй ирыстойнаг театр уарзджытæ феной, адæмы æмæ критикты дисы чи бафтыдта, уыцы спектакльтæ. Ахæм сфæлдыстадон фембæлдтытæ ахсджиаг сты сæ дыууæтæн дæр, сæ хæлар ахастдзинæдтæ фидæны дæр тыхджындæргæнгæ кæй цæудзысты, уый бафиппайдта Ирон театры директор **Дудайты Чермен**.



Фарстатæ йæм дæттын райдыдтой официалон фембæлды агъоммæ, æнæформалон уавæры. Куыд рабæрæг, афтæмæй спектакль раздæр равдыстой Мæскуыйы, Уалыты Гиви дзы хъазыд сæйраг ролы, афтæмæй. Ирыстонмæ ссæуыны агъоммæ æртæ репетицимæ сцæттæ.

– Кæд абон спектакль рауайа, уæд уый уыдзæн Гивийы стыр архайды фæрцы. Хорз æнкъарын ацы курдиатджын актеры, фæнды мæ, цæмæй алкæм дæр уа, уарзын йемæ кусын æмæ уый ныхмæ мæ бон ницы у бакæнын, – загъта йæ ахуырдзауæй Михаил Захары-фырт.

– Алыхуызон акттæ сты. Æппæт дæр сарæзтон, цæмæй театрдзау Вольфы рахызтмæ æнхъæлмæ кæса, æмæ фæзыны æрмæст дыккаг акты. Цæуыл у спектакль? Тæригъæд кæнынил, бафæлладтæн, адæмы куыдфæндыйы ахастæй кæрæдзимæ. Мæхæдæг дæр ахæм цæстурæйы зæххыл куы 'рлæууай, уæд дзы æппæт дæр æцæгдзинад свæййы, – йæ ныхас дарддæр хæццæ кодта Михаил Левитин.

Спектакль алывæрсыг у, техникон фæрæзтæй æххæстæй пайдагонд куы нæ цæуа, уæд зын æмбарæн у театрдзауæн. Уæвгæ, театралон къорды ссыд Ирыстонмæ æнцон нæ уыд, федералон разамынд гастрольтæн разыйы дзуапп нæ радта, райстой йæ Мæскуыйы культурæйы департаментæй.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Интервью**

# Нацийы фыдбæллæх

**Царды рухс фæндагыл лæуд æнæрцæф, æрыгон зæрдæ фæсайын æнцон у. Мæнгард, æдзæстуарзон адæм сæ фæхудинаг кæнынц æмæ сæ ныууадзынц фæсмонгондæй.**

**...Горæты рынчындæттæй иумæ уадзыгæй æрбаластой æрыгон нæлгоймаджы. Куыд рабæрæг, афтæмæй йын ис бинонтæ, сывæллон. Уымæй размæ наркотик зонгæ дæр нæ кодта. Уыцы æнамонд бон ноздзынæй, наркоманты «къуыртт» кæм уыд, уырдæм бахауд, æмæ йын укол скодтой. Уырдыгæй ма бæргæ рацыд, фæлæ цалдæр минуты фæстæ асфальтыл ахауд, йæ цæсгом ныссау, тыххæй ма йæ фервæзын кодтой дохтыртæ...**

**Вæййы ахæм цаутæ æмæ наркотиктæй амæлынц æвзонг адæм. Ацы хъуыддаг иннæты цæуылнæ тæрсын кæны, цардæй зынаргъдæр куы ницы ис, уæд? Чи зоны, уыдонæй алчидæр «йæхинымæр» афтæ хъуыды кæны, мæнæн дзы тас нæу, куы мæ бафæнда, уæд æй фæуадздзынæн. Хъыгагæн, нырыккон æхсæнады наркомани, токсикомани æмæ карз нозт бафтыдтой стыр катайы.**

**Ацы фарстайы фæдыл ныхас кæнæм Æрыдоны районы рынчындоны дохтыр – наркологи ХЪОЙБАЙТЫ Тамарæимæ.**

**– Тамарæ, æрыгон адæймаг куыд бахауы мæлæтхæссæг наркоманийы дзæмбытæм?**

– Наркомани хонынц фæсивæды низ, фæлæ йæм æмхиц сты ас адæймæгтæ дæр. Ацы æвирхъау низтæ скъуынынц нæ нацийы уидæгтæ, уымæ гæсгæ хъæуы сæ ныхмæ æппæтадæмон тох расидын.

Аххосæгтæй сæйрагдæр у цыбæлдзинад. Иу хаттæй иннæмæ æхцондзинад райсынмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ йыл уайтагъд ацахуыр вæййы æвзонг буар. Кусын куы райдыдтон 40 азы размæ, уæд Æрыдоны районы æдæппæт уыд 17 наркоманы, алкæмæндæр уыдысты зындгонд. Ныртæккæ та афæдзы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, сæ нымæц у 112 адæймаджы, уыдонæй – 30 адæймагæн сæ бон æнæ наркотиктæй цæрын нал у, се 'хсæн ис 6 сылгоймаджы дæр. Семæ цæуы иудадзыг куыст, йæхи сдзæбæх кæнын кæй фæнды, ахæмтæн æххуыс кæнæм.

**– Наркотикæй чи фæхъæстæ уа, уымæн цавæр фæстиуджытæ вæййы?**

– Фыццаджыдæр, фæзынынц йæ психикæйыл, йæ зондахастыл. Адæймагæн йæ удыхъæд куыд тыхджындæр уа, афтæ къаддæр бахауы наркоманийы ахæсты, фæлæ йыл ацахуыр вæййынц лæмæгъзæрдæ адæймæгтæ. Уæдæ наркоман-сылгоймагæн та йæ ноггуырд саби низ йемæ гуырдзæй рахæссы. Ацы хъылма йæ царды нысан кæмæн у, уыдон ныммæллæг, ныффыдхуыз вæййынц, сæры магъз зыгъуыммæ кусы, æмæ сæ бон у цыфæнды фыдракæнд саразын дæр.

Афтæ, нуазаг адæймаг



дæр карз ноздæй свæййы æнæфсарм, æбæрнон, хылмондаг. Бирæтæ хъуыды кæнынц, гыццыл ануазын ницы хъыгдары, зæгъгæ. Фæлæ хъуыддаг афтæ хуымæтæг, бæргæ, куы уаид. Хаттæй-хатт иунæг агуывзæйæ райдайы царды бынмæ æгаддзинад æмæ худинаджы бырынцъаг фæндаг.

Иу царды бын ахæм адæймагимæ зын цæрæн у. Бинонты цард фехæлы, мæгуыр сабитæ сдзæгъæл вæййынц.

**– Цавæр куыст цæуы районы, цæмæй наркоманийы фыдбæллæхæй хызт уæм?**

– Мæ хъуыдымæ гæсгæ, стыр æргом здахын хъæуы профилактикон куыстмæ. Районы ахуырады управлени, прокуратурæ, мидхъуыддæгты хайады минæвæрттимæ цæуæм скъолатæм, æмбæлæм ахуырдзауты ныййарджытимæ. Нæ районы сæргълæууæг Мæрзаты Владислав йæхæдæг сæрдариуæг кæмæн кæны, кусы наркоманийы ныхмæ иумæйаг ахæм къамис.

Рынчыны низ рабæрæг кæнынæн нæм ис нырыккон медицинон диагностикон хайад. Туджы наркотикты буаргъæдтæ ис æви нæй, уый бæрæг кæнынц, нырыккон кусæнгæрзтыл. Наркологон службæтæ ифтонг сты æппæт хъæугæ хостæй, йæхи барвæндонæй дзæбæх кæнын кæй фæнды, стæй уæззау уавæры чи æрбахауы, уыдонæн ис хæрзхъæд медицинон æххуыс районы, стæй республикæйы рынчындæтты æмæ наркодиспансеры. Хохы Саниба æмæ Холсты та кусынц реабилитацион центртæ.

Æхсызгон мын у, рæзгæ фæлтæр спортмæ, аивадмæ, æнæниз царды уагмæ кæй аздæхтысты, уый.

Æрыдоны районы нæй æнахъом наркомантæ. Цæмæй афтæ уа дарддæр, уый тыххæй та иумæйаг хъарутæй кусгæйæ, къæрцхъус уæвын хъæуы. Иугæр сывæллон тамакомæ æмхиц у, уæд æнцонæй сцыбæл уыдзæн «хъылмамæ дæр. Кæстæртæ хъахъхъæнинаг сты электрон тамако æмæ энергетикон адджын дæттæй. Хæдзары хистæртæ хъуамæ зоной сывæллонæн йе 'мбæлтты, кæсой йæ цæстæнгасмæ, йæ ныхасы хъæд, йæ уаг, мыййаг, кæд аивтой, уымæ.

**– Цавæр наркотик рапарахат ныртæккæ?**

– Хъыгагæн, тæссаг уавæр ис æппæт Уæрæсейы дæр. Синтетикон уæззау наркотик «метадон» сарæх ис. Æрыгæттæ пайда кæнынц, «фармахимия» кæй хонынц, ахæм афтечы æлхæд хостæй. Бынтон уæззау уавæры та бахауынц, уыцы хостæй æмхæццæйæ, 2-3 хуызæй, иумæ чи пайда кæны, уыдон. Сæвзæры сæм рæстæгмæ рæсугъд æнкъарæнтæ. Дарддæр сæ сæры зилдух кæны æрмæст иу хъуыды – наркотик самал кæнын.

Мæ бирæ азты куыстæй ахæм хатдзæг кæнын – хъæуы фылдæр паддзахадон реабилитацион центртæ саразын. Чи фæрæдыд æмæ карз низы уацары чи бахауд, уыдоны сдзæбæх кæнынæн бирæ хъарутæ хъæуы.

**Хорз адæм! Нæ фæсивæд нæ царды бындур сты æмæ сæ раст фæндагыл сæвæрынæй махæн ахсджиагдæр ницы хъуыддаг ис.**

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

# Æнæмæлгæ полкъ






ГÆЗЗАТЫ Антъон



КИСИТЫ Яков



ЕНАЛДЫТЫ Сергей



ДЖЫККАЙТЫ Яков



ДЗАЙНЫХЪТЫ Ефим



СОКАТЫ Леонид



ХУЫБИАТЫ Захар



ХУЫБИАТЫ Садуллæ



БИТАРТЫ Бала



ДЗЕБЫСАТЫ Раман



СИДАХЪАТЫ
Дзантемыр, Хъантемыр æмæ Бекмырзæ

## 29 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.20 Х/ф "Укротительница тигров" 0+
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Укротительница тигров 0+
07.20 Х/ф "Белые росы" 12+
09.00 Умницы и умники 12+
09.45 Слово пастыря 0+
10.15 Модный приговор 0+
11.10 Играем свадьбу! 12+
12.15 Повара на колесах 12+
13.10 Видели видео? 0+
14.10 Т/с "Собор" 16+
18.00 Вечерние новости
18.20 Церемония вручения народной премии "Золотой граммофон" 16+
21.00 Время
21.35 Т/с "По законам военного времени. Битва за Ростов" 12+
23.35 Х/ф "Джильда" 16+
01.45, 02.30, 03.15, 04.00, 04.45, 05.20 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.15 Т/с "Принцесса и нищенка" 16+
06.50 Т/с "Две жизни" 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
09.40, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.50 Жизнь и судьба с Борисом Корчевниковым 12+
12.15, 14.30 Т/с "Невеста комдива" 12+
17.50 Песни от всей души 12+
21.20 Т/с "Любовь преодолеет все" 16+
00.30 Т/с "Доктор Анна" 12+
02.30 Т/с "Тайны следствия" 16+
04.05 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
09.40 Местное время. Вести-Ирыстон
09.55 Канал «Россия 1»
21.05 Местное время. Вести-Алания
21.20 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.05 Т/с "Марлен" 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
08.20, 10.20 Т/с "Пес" 16+
16.20 Следствие вели... 16+
19.30 Т/с "Емеля" 16+
23.40 О любви 12+
01.40 Т/с "Агентство скрытых камер" 16+
02.10 Т/с "Семин" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф "Дикие лебеди". "Сказка о царе Салтане". "Конек-Горбунок". "Летучий корабль" 0+
08.35, 09.40, 10.40, 11.45, 12.50, 13.55, 14.55, 16.00 Т/с "Галка и Гамаюн" 16+
17.05 Х/ф "Ворошиловский стрелок" 16+
19.00, 20.00 Х/ф "Отставник" 16+
20.55 Х/ф "Отставник-2. Своих не бросаем" 16+
22.55, 23.55, 00.50, 01.45 Т/с "Назад в СССР" 16+
02.30 М/ф "Тайна Третьей планеты". "Снежная королева". "Заколдованный мальчик" 0+

### КУЛЬТУРА
06.30 М/ф "Кот-рыболов". "Исполнение желаний". "Сказка о золотом петушке" 16+
07.50 Х/ф "Тимур и его команда" 0+
10.00 Д/ф "Культурный отдых. Дачный вопрос. 1900-е..." 16+
10.30 Спектакль "Месяц в деревне" 16+
13.40 Гала-концерт VI Всероссийского конкурса молодых исполнителей "Русский балет" 16+
16.05 Д/ф "Габриэла Комлева. Жизнь в танце" 16+
17.05 Х/ф "Сердца четырех" 0+
18.40 Песня не прощается... 1971-1972 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Х/ф "Вокзал для двоих" 0+
22.00 Х/ф "Дачники" 12+
23.40 Д/ф "Огненные птицы" 16+
00.20 Х/ф "Сельский врач" 0+
02.10 Искатели. "Загадка исчезнувшей коллекции" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Игра миллионов 12+
06.30 Всæ о главном 12+
07.00, 10.00, 14.50, 16.55 Новости
07.05, 14.00, 17.00, 23.00 Все на Матч! 12+
10.05 М/ф "Команда МАТЧ" 0+
10.25 Д/ф "Галина Кулакова. Три раза вокруг Земли" 12+
10.55, 00.00 ЕвроФутбол. Обзор 6+
11.55 Регби. Суперкубок России. "Стрела-Ак Барс" (Казань)-"Локомотив-Пенза". Прямая трансляция из Саранска
14.55 Смешанные единоборства. UFC. Матеус Николау против Алекса Переза. Трансляция из США 16+
17.30 Х/ф "Чемпионы" 6+
19.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. "Ростов" (Ростов-на-Дону)-"Оренбург". Прямая трансляция
21.45 После Футбола с Георгием Черданцевым 16+
01.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат Европы. Мужчины. Трансляция из Италии 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Футбол. Чемпионат Германии. "Майнц"-"Кельн" 6+
05.00 Стрельба из лука. Кубок мира. Блочный лук. Команды. Трансляция из Китая 0+

### ТВЦ
06.00 "Смотри и смейся!" Юмористический концерт 12+
07.05, 08.45, 18.10, 20.05 Х/ф "Некрасивая подружка" 16+
10.35 Д/ф "Невидимый поединок" 16+
11.30, 22.00 События 16+
11.45 "Координаты смеха". Юмористический концерт 12+
13.10 Смех, дрожь и видео 16+
13.45 Д/с "Назад в СССР" 16+
14.35 Х/ф "Пираты XX Века" 12+
16.15 Х/ф "Спешите любить" 12+
22.15 Х/ф "Танцы на углях" 16+
01.30 Х/ф "Старая гвардия. Прощальная вечеринка" 12+
04.25 Мой герой 12+
05.00 Д/ф "Позднее отцовство" 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.50 Пять ужинов 16+
06.45, 05.25 Х/ф "Не ходите, девки, замуж" 16+
08.05 Х/ф "Мужчина в моей голове" 16+
10.40 Х/ф "Найти мужа Дарье Климовой" 16+
15.00 Х/ф "Разведенка с прицепом" 16+
23.45 Х/ф "Призрак на двоих" 16+
01.35 Х/ф "В отражении тебя" 16+

### РЕН-ТВ
05.00 Самые шокирующие гипотезы 16+
07.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30 Новости 16+
09.00, 13.00, 13.20, 17.00, 17.40, 20.00 Т/с "СМЕРШ" 16+
21.55 Х/ф "Красный призрак" 16+
23.50 Х/ф "Брестская крепость" 16+
02.25 Тайны Чапман 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
09.10 Х/ф "Мой друг робот" 6+
11.20 Х/ф "Люди в черном" 16+
13.05 Х/ф "Люди в черном-2" 16+
14.50 Х/ф "Люди в черном-3" 16+
16.55 Х/ф "Люди в черном. Интернэшнл" 16+
19.10 М/ф "Монстры на каникулах" 6+
21.00 М/ф "Монстры на каникулах-2" 6+
22.45 Х/ф "Жуткая семейка" 16+
00.40 Х/ф "Сделано в Италии" 16+
02.20 Т/с "Выжить после" 16+
05.25 6 кадров 16+
05.40 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00 Сокровища императора 16+
12.00, 13.00, 14.00, 15.00, 16.00, 17.00, 18.00 Однажды в России 16+
19.00 Х/ф "Красавица и чудовище" 12+
21.10 Х/ф "Круиз по джунглям. Тайна Вальверде" 16+
23.20 Х/ф "Пираньи3d" 18+
01.00 Новая фабрика звезд 16+
02.30 Я тебе не верю 16+
03.15 Импровизация. Команды 16+
04.00 Импровизация 16+
04.20 М/ф "Смешарики. Дежавю" 6+
05.30 М/ф "Приключения Пети и Волка" 12+
06.35 Новая фабрика звезд. Дневники 16+

## 30 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Х/ф "Белая ночь, нежная ночь..." 16+
08.00 Доброе утро 12+
10.15 Модный приговор 0+
11.10 Играем свадьбу! 12+
12.15 Повара на колесах 12+
13.05 Видели видео? 0+
14.00 Т/с "Собор" 16+
18.00 Вечерние новости
18.20 Ээхх, Разгуляй! 16+
21.00 Время
21.35 Х/ф "Мажор в Сочи" 16+
23.45 Х/ф "Мегрэ и таинственная девушка" 16+
01.20, 02.05, 02.50, 03.35, 04.20, 05.05, 05.40 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.15 Т/с "Принцесса и нищенка" 16+
06.50 Т/с "Две жизни" 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
09.40, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.50 Жизнь и судьба с Борисом Корчевниковым 12+
12.15, 14.30 Т/с "Невеста комдива" 12+
17.50 Песни от всей души 12+
21.20 Т/с "Любовь преодолеет все" 16+
00.30 Т/с "Доктор Анна" 12+
02.30 Т/с "Тайны следствия" 16+
04.05 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
09.40 Местное время. Вести-Ирыстон
09.55 Канал «Россия 1»
21.05 Местное время. Вести-Алания
21.20 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.10 Т/с "Марлен" 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
08.20, 10.20 Т/с "Пес" 16+
16.20, 23.45 Следствие вели... 16+
19.30 Т/с "Емеля" 16+
01.25 Т/с "Семин" 16+
02.55 Т/с "Семин. Возмездие" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф "Щелкунчик". "Чиполлино" 0+
06.00, 06.50, 07.45 Х/ф "Каникулы строгого режима" 12+
08.40, 01.15 Х/ф "Артек. Большое путешествие" 6+
10.35 Т/с "Ухожу красиво" 16+
15.15, 16.15 Х/ф "Отставник" 16+
17.10 Х/ф "Отставник-2. Своих не бросаем" 16+
19.00 Х/ф "Отставник-3" 16+
21.00, 22.00 Х/ф "Отставник. Позывной Бродяга" 16+
23.05 Х/ф "Самогонщицы" 16+
02.50, 03.45 Д/ф "Моя родная. Юность" 12+

### КУЛЬТУРА
06.30 М/ф "Петя и Красная Шапочка". "Котенок по имени Гав" 16+
07.45 Х/ф "Вокзал для двоих" 0+
10.00 Д/ф "История русского быта. Дача" 16+
10.30 Дачная жизнь 16+
12.00 Исторические курорты России. "Куоккала. Рай на берегу Финского залива" 16+
12.25 Х/ф "Библия в живописи. Римские катакомбы" 16+
13.20 Юбилейный концерт Государственного академического Воронежского русского народного хора имени К.И.Массалитинова 16+
14.25 Х/ф "Подкидыш" 0+
15.35 Пешком... 16+
16.05 Д/ф "Владимир Фортов. Прикоснуться к солнцу" 16+
16.55 Х/ф "Наша дача" 0+
18.25 Песня не прощается... 1978 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Х/ф "Покровские ворота" 0+
22.00 Х/ф "Летние люди (Дачники)" 16+
23.30 Клуб Шаболовка 37. Александр Олешко и группа "Раги Ганги" 16+
00.35 Х/ф "Девушка без адреса" 0+
02.05 Искатели. "Бермудский треугольник Белого моря" 16+
02.50 М/ф "Конфликт" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Игра миллионов 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 16.55 Новости
07.05, 17.00, 21.05, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05 Лица страны. Анастасия Брызгалова 12+
10.25 Звезды без правил 12+
11.25 Профессиональный бокс. Оскар Де Ла Хойя против Рикардо Майорги. Трансляция из США 16+
12.05 Профессиональный бокс. Артуро Гатти против Джесси Джеймса Лейхи. Трансляция из США 16+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00, 20.15 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
13.50 Формула-1. Гаснут огни 12+
14.55 Футбол. МЕЛБЕТ-Первая Лига. "Родина" (Москва)-"Тюмень". Прямая трансляция
17.30 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. Финал. "Динамо" (Москва)-"Зенит-Казань". Прямая трансляция
21.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/2 финала. "Бавария" (Германия)-"Реал" (Мадрид, Испания). Прямая трансляция
01.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат Европы. Мужчины. Трансляция из Италии 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Академическая гребля. Чемпионат Европы. Трансляция из Венгрии 0+
05.00 Стрельба из лука. Кубок мира. Блочный лук. Личное первенство. Трансляция из Китая 0+

### ТВЦ
05.40 "Как стать оптимистом". Юмористический концерт 12+
07.10, 08.45, 18.10, 20.05 Х/ф "Некрасивая подружка" 16+
10.35 Д/ф "Невидимый поединок" 16+
11.30, 22.00 События 16+
11.45 "Смейтесь, как мы, смейтесь громче нас". Юмористический концерт 12+
13.05 Смех, дрожь и видео 16+
13.40 Д/с "Назад в СССР" 16+
14.35 Х/ф "Одиноким предоставляется общежитие" 12+
16.15 Х/ф "Как вернуть мужа за тридцать дней" 12+
22.15 Х/ф "Танцы в темноте" 12+
01.30 Х/ф "Старая гвардия. Огненный след" 12+
04.30 Хроники московского быта 12+
05.10 Д/ф "Легенды эстрады. Звезды под градусом" 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.55 Х/ф "Дело было в Пенькове" 16+
08.25 Х/ф "Призрак на двоих" 16+
10.25 Х/ф "Мама Люба" 16+
15.00 Х/ф "Инъекция любви" 16+
23.45 Х/ф "Страшная красавица" 16+
01.40 Х/ф "Найти мужа Дарье Климовой" 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 01.25 Тайны Чапман 16+
07.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30 Новости 16+
09.00, 13.00, 13.30, 17.00, 18.05, 20.00 Т/с "СМЕРШ" 16+
22.35 Х/ф "Подольские курсанты" 12+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
09.40 Х/ф "Семейка вампиров" 6+
11.40 Х/ф "Семейка вампиров-2" 6+
13.35 Х/ф "Семейка вампиров-3" 6+
15.35 М/ф "Монстры на каникулах" 6+
17.20 М/ф "Монстры на каникулах-2" 6+
19.05 М/ф "Монстры на каникулах-3. Море зовет" 6+
21.00 Х/ф "Бюро магических услуг" 12+
23.20 Х/ф "Жуткая семейка. Свадебный переполох" 16+
01.25 Х/ф "О чем говорят мужчины. Продолжение" 16+
03.00 Т/с "Выжить после" 16+
05.20 6 кадров 16+
05.40 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 13.00, 14.00, 15.00, 16.00, 17.00, 18.00 Однажды в России 16+
19.00 Х/ф "Гипнотик" 16+
21.00 Х/ф "Хеллбой" 16+
23.20 Х/ф "Змеи-3. Битва с драконом" 18+
00.55 Я тебе не верю 16+
01.40, 02.30 Импровизация. Команды 16+
03.15, 04.05 Импровизация 16+
04.20 М/ф "Приключения Пети и Волка" 12+
05.30 М/ф "Смешарики. Дежавю" 6+
06.35 Новая фабрика звезд. Дневники 16+

## 1 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Х/ф "Высота" 0+
08.00 Доброе утро 12+
10.15 Модный приговор 0+
11.10 Играем свадьбу! 12+
12.15 Повара на колесах 12+
13.05 Видели видео? 0+
14.20 Т/с "Собор" 16+
18.00 Вечерние новости
18.20 Собор 16+
19.00 "Слышишь, время гудит-БАМ!" Большой праздничный концерт 0+
21.00 Время
21.35 Т/с "По законам военного времени. Враг за спиной" 12+
23.30 Х/ф "Эта безумная любовь" 16+
01.50, 02.35, 03.20, 04.05 Подкаст. Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.15 Т/с "Принцесса и нищенка" 16+
06.50 Т/с "Две жизни" 12+
09.00, 11.00, 17.00, 20.00 Вести
09.40, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.50 Аншлаг и Компания 16+
14.00 Х/ф "Одесский пароход" 12+
15.35 Х/ф "Кавказская пленница, или Новые приключения Шурика" 6+
17.50 Песни от всей души. Специальный выпуск 12+
21.20 Т/с "Любовь преодолеет все" 16+
00.30 Т/с "Доктор Анна" 12+
02.30 Т/с "Тайны следствия" 16+
04.05 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
09.40 Местное время. Вести-Ирыстон
09.55 Канал «Россия 1»
21.05 Местное время. Вести-Алания
21.20 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.10 Т/с "Марлен" 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
08.20, 10.20 Т/с "Пæс" 16+
16.20 Следствие вели... 16+
19.30 Т/с "Емеля" 16+
22.45 "Золотой граммофон. Лауреаты церемонии", 2024 г 12+
01.30 Т/с "Семин. Возмездие" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф "В некотором царстве". "Русалочка". "Приключения Буратино". "Винни-Пух". "Винни-Пух идет в гости". "Винни-Пух и день забот". "Бременские музыканты". "По следам Бременских музыкантов" 0+
08.30, 01.45 Х/ф "Афоня" 12+
10.20 Х/ф "Солдат Иван Бровкин" 12+
12.15 Х/ф "Иван Бровкин на целине" 12+
14.10 Х/ф "Пес Барбос и необычный кросс" 12+
14.20 Х/ф "Самогонщики" 12+
14.40 Х/ф "Свадьба в Малиновке" 12+
16.40, 17.35, 18.20, 19.15 Х/ф "Краповый берет" 16+
20.10, 21.15, 22.15, 23.15 Т/с "Грозовые ворота" 16+
00.10 Х/ф "Белое солнце пустыни" 16+
03.15 Х/ф "Самогонщицы" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 М/ф "Бесконечная такса". "Паровозик из Ромашкова". "Царевна- лягушка" 16+
07.30 Х/ф "Сердца четырех" 0+
09.05 Х/ф "Покровские ворота". Мой отец запрещал, чтоб я польку танцевал!" 16+
09.45 Х/ф "Покровские ворота" 0+
11.55 Исторические курорты России. "Терийоки. Чаепитие на веранде" 16+
12.25 Х/ф "Библия в живописи. Мозаики Равенны" 16+
13.15, 00.55 Д/ф "Соловьиный рай" 16+
14.00 Виктор Захарченко и Государственный академический Кубанский казачий хор 16+
15.15 Х/ф "Лютики-цветочки "Женитьбы Бальзаминова" 16+
15.55 Х/ф "Женитьба Бальзаминова" 6+
17.20 100 лет со дня рождения Виктора Астафьева. "Прощай, XX Век! Невеселый солдат Виктор Астафьев" 16+
18.00 Х/ф "Звездопад" 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Д/ф "Мир Александры Пахмутовой" 16+
20.30 Александра Пахмутова. "В песне-жизнь моя" 16+
22.35 Спектакль "Дачники на Бали, или "Асса" 30 лет спустя" 18+
01.35 Искатели. "Клады озера Кабан" 16+
02.20 М/ф "Остров". "Про Фому и про Ерему". "Лев и 9 гиен". "Это совсем не про это" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Игра миллионов 12+
06.30 Формула-1. Гаснут огни 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 16.55 Новости
07.05, 16.00, 21.05, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Звезды без правил 12+
11.25 Профессиональный бокс. Денис Лебедев против Виктора Рамиреса. Трансляция из Москвы 16+
11.45 Профессиональный бок. Денис Лебедев против Латифа Кайоде. Трансляция из Казани 16+
13.00, 20.15 Футбол. Лига чемпионов. Обзор 6+
13.50 Вид сверху 12+
14.55 Вы это видели 12+
17.00 Футбол. FONBET Кубок России. 1/2 финала. "Динамо" (Москва)-"Спартак" (Москва). Прямая трансляция
21.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/2 финала. "Боруссия" (Дортмунд, Германия)-ПСЖ Прямая трансляция
01.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат Европы. Мужчины. Трансляция из Италии 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Академическая гребля. Чемпионат Европы. Трансляция из Венгрии 0+
05.00 Стрельба из лука. Кубок мира. Классический лук. Команды. Трансляция из Китая 0+

### ТВЦ
05.55 Х/ф "Пираты XX Века" 12+
07.15, 08.50 Х/ф "Некрасивая подружка" 16+
10.40 Д/ф "Невидимый поединок" 16+
11.30, 22.00 События 16+
11.45 "Что бы это значило?" Юмористический концерт 12+
13.15 Смех, дрожь и видео 16+
13.45 Д/с "Назад в СССР" 16+
14.35 Х/ф "Полосатый рейс" 12+
16.15 Х/ф "Помощница" 16+
18.25, 20.10 Х/ф "Некрасивая подружка" 12+
22.15 Приют комедиантов 12+
23.40 Х/ф "Королева при исполнении" 12+
01.15 Х/ф "Сельский детектив. Чем сердце успокоится" 12+
04.15 Знак качества 16+
04.55 Д/ф "Проклятые сокровища" 16+
05.35 Д/с "Большое кино" 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 01.50 Х/ф "Евдокия" 16+
08.35 Х/ф "Страшная красавица" 16+
10.40 Х/ф "Коммуналка" 16+
15.00 Х/ф "Неродная дочь" 16+
23.30 Х/ф "Мужчина в моей голове" 16+
03.30 6 кадров 16+
03.50 Д/с "Кризисный центр" 16+
06.15 По делам несовершеннолетних 16+

### РЕН-ТВ
05.00 Тайны Чапман 16+
07.00 С бодрым утром! 16+
08.30 Новости 16+
09.00 Т/с "Зло" 16+
21.20 Х/ф "Крым" 16+
23.25 Х/ф "Салют-7" 12+
01.30 Самые шокирующие гипотезы 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
09.20 Х/ф "Жуткая семейка" 16+
11.20 Х/ф "Жуткая семейка. Свадебный переполох" 16+
13.25 М/ф "Монстры на каникулах-3. Море зовет" 6+
15.20 М/ф "Карлик нос" 16+
17.00 М/ф "Яга и книга заклинаний" 6+
19.05 М/ф "Кощей. Начало" 6+
21.00 М/ф "Кощей. Похититель невест" 6+
22.35 Х/ф "Бюро магических услуг" 12+
00.55 Х/ф "Хроники Хуаду. Лезвие Розы" 18+
02.45 Т/с "Выжить после" 16+
05.05 6 кадров 16+
05.40 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 13.00, 14.00, 15.00, 16.00, 17.00, 18.00 Однажды в России 16+
19.00 Х/ф "Три тысячи лет желаний" 16+
21.05 Х/ф "Красавица и чудовище" 12+
23.20 Х/ф "Жанна Дюбарри" 16+
01.30 Я тебе не верю 16+
02.15 Шоу "Студия "Союз" 16+
03.10, 04.00 Импровизация. Команды 16+
04.50 Импровизация 16+
05.00 М/ф "Приключения Пети и Волка" 12+
06.35 Новая фабрика звезд. Дневники 16+

## 2 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "По законам военного времени. Враг за спиной" 12+
23.00 Большая игра 16+
00.10 К 85-летию Леонида Каневского. "Непереводимая игра слов" 12+
01.10, 01.55, 02.40, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.15 Т/с "Принцесса и нищенка" 16+
06.50 Т/с "Две жизни" 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
09.40, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.50 Жизнь и судьба с Борисом Корчевниковым 12+
12.15, 14.30 Т/с "Город невест" 12+
17.50 Песни от всей души 12+
21.20 Т/с "Любовь преодолеет все" 16+
00.30 Т/с "Доктор Анна" 12+
02.30 Т/с "Тайны следствия" 16+
04.05 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
09.40 Местное время. Вести-Ирыстон
09.55 Канал «Россия 1»
21.05 Местное время. Вести-Алания
21.20 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.15 Т/с "Марлен" 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15 Сегодня
08.25, 10.35, 13.25 Х/ф "Д'Артаньян и три мушкетера" 0+
15.00 Следствие вели... 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
19.40 Т/с "Емеля" 16+
22.00 Д/ф "Леонид Каневский. Народный артист" 16+
23.40 Квартирник НТВ у Маргулиса 16+
01.20 Т/с "Семин. Возмездие" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.45 Х/ф "Белая стрела" 16+
07.25, 09.30 Х/ф "Свадьба в Малиновке" 12+
08.35 День ангела 0+
10.20 Х/ф "Ворошиловский стрелок" 16+
12.20, 13.30, 14.00, 15.00, 16.00 Т/с "Грозовые ворота" 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 22.20, 23.10, 03.20, 04.00 Т/с "След" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30, 01.20 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
02.05, 02.45 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30 Д/ф "Новые люди Переславля и окрестностей" 16+
08.20 Х/ф "Дачники" 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.10 Новости культуры 16+
10.15 Х/ф "Тетя Маруся" 16+
12.45 Абсолютный слух 16+
13.25, 00.25 Х/ф "В мертвой петле" 6+
14.50, 02.45 Д/ф "Забытое ремесло". "Бортник" 16+
15.05 Д/ф "Веселый человек с невеселой судьбой. Иван Любезнов" 16+
15.45 Д/ф "Запечатленное время". "Май течет рекой нарядной" 16+
16.15 85 лет Леониду Каневскому. 2 Верник 2 16+
17.15 Пряничный домик. "Казахский национальный костюм" 16+
17.45, 01.45 VI Великопостный хоровой фестиваль. Сергей Рахманинов. "Литургия Святого Иоанна Златоуста" 16+
18.45 К 95-летию со дня рождения Георгия Гачева. "Семейная комедия. Георгий Гачев и Светлана Семенова". 16+
19.45 Открытая книга. Родион Белецкий. "Чужой ребенок" 16+
20.15 Спокойной ночи, малыши!
20.30 Х/ф "Золушка". Добрые люди, где же вы?" 16+
21.10 Энигма. Владислав Сулимский 16+
21.55 Х/ф "Женитьба Бальзаминова" 6+
23.20 Д/ф "Владимир Фортов. Прикоснуться к солнцу" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Игра миллионов 12+
06.30 Вид сверху 12+
